**दिन–रविवार** **दिनांक–27.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार मे मतदाता सूचीक सत्यापन के लऽकऽ एक मास धरि चलल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान मे सात करोड़ चौबीस लाख मतदाता लोकनि सँ गणना प्रपत्र जमा लेल गेल अछि। ई विशेष सत्यापन अभियान सभ दू सय तैंतालीस विधानसभा क्षेत्र मे चौबीस जून सँ पच्चीस जुलाई धरि चलाओल गेल। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे सात करोड़ नवासी लाख मतदाता मे सँ एकानवे दशमलव उनहत्तरि प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन गणना प्रपत्र जमा कऽ देलनि अछि। एहि अभियानक दरमियान बीएलओ घर–घर जा कऽ सत्यापन कयलनि। एहि दरमियान बाईस लाख मतदाता मृत पाओल गेलाह आ छत्तीस लाख लोक अपन निवास स्थान स्थायी रूप सँ बदलि लेलनि अछि। ओतहि, सात लाख भोटर ऐहेन छथि जिनकर नाम दू सँ बेसी निर्वाचन क्षेत्र मे मतदाता सूची मे दर्ज अछि। सत्यापनक अनुसार लगभग पैंसठ लाख मतदाता लोकनिक नाम निर्वाचक सूची सँ हटवाक संभावना अछि। आयोगक अनुसार विशेष पुनरीक्षण के आधार पर एक अगस्त के मतदाता सूचीक प्रारूप प्रकाशित कयल जायत आ अगिला एक मास धरि अर्थात एक सितंबर धरि मतदाता आ राजनीतिक दल लोकनिक दावा–आपत्ति लेल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे एकैसम सदी के भारत मे विज्ञान नव ऊर्जा के संग आगाँ बढ़ि रहल अछि। आइ आकाशवणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे अंतरिक्ष सँ शुभाशु शुक्ला के सुरक्षित आपस अयला सँ देश गौरवान्वित अछि। श्री मोदी कहलनि जे अगस्त दू हजार तेईस मे चंद्रयान–तीन के सफल लैंडिंग सँ देश मे एक नव वातावरण बनल आ बच्चा सभ मे विज्ञान तथा अंतरिक्ष विज्ञानी बनबा मे रूचि बढ़ल अछि।

---

प्रधानमंत्री बच्चा सभ मे नवाचार के प्रोत्साहन देबाक लेल शुरू कयल गेल एन्सपायर–मानक अभियानक उल्लेख कयलनि। एकर अंतर्गत हरेक स्कूल सँ पांच बच्चा चुनल जायत अछि आ हरेक बच्चा एक नवाचार लऽकऽ अबैत अछि। श्री मोदी प्रसन्ता व्यक्त करैत कहलनि जे एखन धरि लाखों बच्चा एहि अभियान सँ जुड़ि चुकल छथि। ओ कहलनि

जे पांच वर्ष पहिने देश मे अंतरिक्ष सँ जुड़ल मात्र पचास सँ कम स्टार्टअप छल जखनकि आइ दू सय सँ बेसी स्टार्टअप भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

अगिला तेईस अगस्त के मनाओल जायबला राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवसक संदर्भ मे प्रधानमंत्री स्रोता लोकनि सँ आग्रह कयलनि जे ओ नमो ऐप के माध्यम सँ नव विचार साझा करथि जे कोना ई दिवस मनाओल जाय। प्रधानमंत्री गौरवान्वित होयत कहलनि जे युनेस्को बारह मराठा किला के विश्व धरोहर स्थल घोषित कयलक अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देश मे आनो ठाम एहेन अद्भूत किला अछि जे आक्रमण आ खराब मौसम झेललाक बादो अपन आत्मसम्मान कखनहुँ नहि झुकऽ देलक।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री स्वदेशी आंदोलनक चर्चा कयलनि जे सात अगस्त उनैस सय पांच के शुरू भेल छल। ओ कहलनि जे ई आंदोलन स्थानीय उत्पाद आ विशेष कऽ हथकरघा क्षेत्र के नव ऊर्जा देने छल। प्रधानमंत्री मोदी हरियाली तीजक अवसरि पर देशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नालंदा के बुनकर नवीन कुमार के हुनक काज के लऽकऽ प्रशंसा कयलनि। श्री कुमार सिलाव प्रखंडक नेपुरा गाम मे रेशम प्राथमिक बुनकर सहयोग समिति के संचालन करैत छथि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना संग्रहालयक नव निर्मित गंगा गैलरी, पाटली गैलरी आ प्रेक्षा गृह के उद्घाटन कलयनि। ओ बिहार संग्रहालय के सेहो निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री बिहार संग्रहालय के लऽग निर्माणाधीन टनल के निरीक्षण कऽ निर्माण काज जल्दी सँ जल्दी पूरा करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सफाई कर्मचारी आयोगक गठन करबाक घोषणा कयलनि अछि। आयोग मे अध्यक्ष के अलावे एक उपाध्यक्ष आ पांच सदस्य हेताह। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया पर एकर घोषणा करैत कहलनि जे ई आयोग सफाई कर्मचारी लोकनिक अधिकार आ

हित के सुरक्षा सुनिश्चित करत। एहि आयोगक गठन के मांग कतेको काल सँ कयल जा रहल छल।

———————————————————————————

दरभंगा शहरक तीन ऐतिहासिक पोखरि दिघी, गंगा सागर आ हराही के आपस मे जोड़ल जायत। एहि के लऽकऽ पुल निर्माण निगम द्वारा तीनू परियोजना पर काज कयल जायत। जिलाधिकारी कौशल कुमार आ वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जला रेड्डी एहि आशय के जनतब देलनि अछि। जिलाधिकारी अनुमंडल पदाधिकारी सदर विकास कुमार आ अंचलाधिकारी सदर के सरकारी भूमि के चिन्हित कऽ एकरा अतिक्रमण मुक्त करेबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————————

आइ मिथिलांचलक गौरवमयी पावनि मधुश्रावणी अछि। मधुश्रावणी मिथिलांचलक नव विवाहिता स्त्री आ सोहागीन स्त्री द्वारा सोहागक रक्षा आ सुखमय जीवन हेतु मनाओल जायत अछि। मधुश्रावणी साओन मासक कृष्ण पक्ष के पंचमी सँ शुरू होयत अछि आ शुक्ल पक्षक तृतीया के समाप्त होयत अछि। एहि पावनिक व्यवहार अनुपम अछि। मधुश्रवाणीक अरिपन मुख्य रूपेँ मैनाक पात पर लिखल जायत अछि जतऽ व्रती बैस कऽ पूजा करैत छथि। एहि पावनि मे गौरी—शंकर आ बिषाहरा के पूजा विशेष रूप सँ कयल जायत अछि।

———————————————————————————

समाप्त